

David Do
Manm Komisyon/Prezidan
tlccommissioner@tlc.nyc.gov

Jason Kersten
Afè Piblik
press@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street
22nd Floor
New York, NY 10004

Avi: TLC ap aksepte aplikasyon pou pèmi pou machin elektrik apati 19 oktòb

Apati jodi a, 19 oktòb 2023, lisans pou machin pou lwe yo disponib pou machin elektrik (EV) pou nenpòt moun oswa antite ki kalifye. Menm jan ak ekzanpsyon aktyèl la pou pèmi machin aksesib pou chèz woulant (WAV), TLC pral aksepte aplikasyon pou EV ak WAV an akò ak dènye [rapò lisans pou machin pou lwe an](#).

Nouvo aplikan yo dwe deja genyen yon EV oswa WAV pou aplike.

Anvan ou aplike pou yon lisans EV, TLC ankouraje aplikan yo pou yo konprann konsiderasyon ekonomik ak operasyonèl pou posede ak opere yon EV.

Nou ankouraje aplikan yo tou pou yo itilize avantaj federal ak etatik ki ka disponib pou chofè EV yo, tankou [Kredi Federal pou Machin Ekolojik](#) ak [Rabè pou Machin Ekolojik \(Drive Clean Rebate\)](#).

Pou aplike pou yon lisans EV, baz ou a dwe premye soumèt yon afimasyon debaz sou pòtal an liy TLC a, [TLC Up](#). Lè w fin soumèt li, ou ka mande lisans EV la atravè sit entènèt [Aplikasyon pou Lisans](#), [Renouvèlman ak Konvokasyon \(LARS\)](#).

Voye kesyon pa imèl nan: licensingInquiries@tlc.nyc.gov